

CLEARY SQUARE*Squares + Streets Idea
Reception Packet*

SQUARES
+
STREETS

PLAZAS
+
CALLES



Planning Department

CITY of BOSTON



LIS SIJÈ YO

01	ENTWODIKSYON	4
02	TI BIZNIS	7
03	ATIZAY + KILTI	17
04	TRANSPÒ	23
05	ESPAS OUVÈ AK REZILYANS	35
06	LOJMAN AK IMOBILYE	41
07	ITILIZASYON TÈREN AK KONSEPSYON	47



ENTWODIKSYON

Resepsyon Ide sa a pèmèt kominote a gen yon premye apèsi sou pwojè ide ak rekòmandasyon pou Plan Cleary Square Squares + Streets la. Tout pwojè rekòmandasyon yo se rezulta remak nou resevwa nan divès evennman angajman, epi yo ap chèche akonpli objektif pwogramtik Squares + Streets yo nan kontèks Cleary Square la. Remak ki fèt nan etap sa a pral ede Depatman Planifikasyon Vil la ansanm ak depatman adjwen Vil nou rafine rekòmandasyon ki prezante nan dokiman sa a. Pwochen etap la (jan li parèt nan kalandriye ki anba a) se pral yon piblikasyon pwojè Plan pou Sektè pi devan pandan ane sa a.

CLEARY SQUARE

Squares + Streets engagement timeline



FASON POU ITILIZE DOKIMAN SA A

Dokiman sa a òganize sou baz 6 sijè prensipal: lojman, itilizasyon tèren ak eleman konsepsyón ki enfòme direktiv delimitasyon zòn ak konsepsyón, transpò ak domèn piblik, espas ouvè ak kapasite rezistans, ti biznis, epi atizay ak kilti.

Chak seksyon genyen ladan 1 enfòmasyon sa yo:

1. Tèm angajman kominotè prensipal pou chak sijè
2. Yon rezime pwojè rekòmandasyon, kalandriye pou konplete chak rekòmandasyon, ki moun ki responsab, nivo priyorite, ak fason chak rekòmandasyon te kreye apati tèm kominote yo te akeri nan evènman angajman ki te fèt anvan yo.



RON'S
GOURMET ICE CREAM

National
Geographic
Third Best
Ice Cream
in the
World

BOWLING ALLEY

BUMPER BOWLING

1



■ 1/6

TI BIZNIS



PWOSESIS POU REKÒMANDASYON YO

A travè yon seri fowòm kominotè, atelye, vizit gide, ak gwoup refleksyon, ekip planifikasyon Squares + Streets la te aprann konsènan vizyon kominote a genyen pou avni koridò komèsyal Cleary Square la.

Cleary Square genyen yon varyete ti komès ki cho ak divès ki yo menm se sant rasanbleman kominotè chak jou, epi ki reponn ak bezwen chak jou rezidan lokal yo. Pifò si se pa tout biznis yo, se biznis ki gen pwopriyetè lokal, epi pwopriyetè sa yo te rive gen yon relasyon djanm ak kliyan yo.

Ekip planifikasyon an, nan yon patenarya sere sere ak Biwo Opòtinite Ekonomik ak Enklizyon an (OEI), te idantifye kote yo ka fè amelyorasyon ki ta kapab ede ogmante kontribisyon inik biznis lokal yo, ede yo vin pi vizib, epi tou konprann opòtinite pou elaji ekosistèm komèsyal Cleary a.



TÈM ANGAJMAN KOMINOTÈ

1

AMELYORASYON DEVAN MAGAZEN AK ENFRASTRIKTI YO

Kreye yon blòk ki pi konekte ak inifye atravè amelyorasyon fasad magazen yo epi gras ak modènizasyon enfrastrikti yo, pandan n ap konsantre sou zòn ki antoure entèsekson Hyde Park Avenue ak River Street la. Sa gen ladan l finansman pou antretyen jeneral.

2

DIVÈSIFYE ITILIZASYON KOMÈSYAL EPI PI DEVAN METE AKTIVITE NAN BLÒK LA

Kreye mwayen pou gen yon pi gwo divèsite nan biznis yo, tankou detayan ki ofri pou manje, ak restoran lajounen. Nou ankouraje biznis ki ofri machandiz ak sèvis kiltirèl ki enpòtan ak abòdab pou imigran ki pale Kreyòl Ayisyen, Lang Latino, ak lòt kominate imigran ki gen nan Cleary Square.

3

PWOTEKSYON AK SIPÒ POU TI BIZNIS BIPOC AK BIZNIS IMIGRAN POSEDE YO

Ofri pwoteksyon ak sipò pou biznis imigran premye ak dezyèm jenerasyon ki gen pwopriyetè lokal epi ki kapab gen risk pou yo deplase.

4

JERE FÈMTI PON AN

Pote sipò pou ti biznis ki te sibi anpil enpak poutèt pon sou River Street la ki te fèmen an.

5

ANKOURAJE EKSPANSYON NAN BAZ KLIYANTÈL REJYONAL LA

Kreye opòtinite pou gen plis atraksyon nan objektif pou gen yon pi bon kliyantèl rejyonal.

ANGAJMAN KOMINOTÈ KI EDE ENFÒME REKÒMANDASYON BIZNIS YO:

	<h2>ENTÈVYOU 1 A 1</h2> <p>Pwen Enpòtan Pou Nou Kenbe: Kontèks istorik sou fason blòk komèsyal la te chanje amezi tan ap pase, dekoneksyon estetik ak konsepsyon ki genyen ant de mwatye espas River Street la.</p>
	<h2>EVÈNMAN LANSMAN</h2> <p>Pwen Enpòtan Pou Nou Kenbe: Dezi pou vant an detay ki desèvi yon kantite divès kalite fanmi ak nivo revni, kote ki pi okazyonèl pou kominote ak jèn yo vin konekte youn ak lòt.</p>
	<h2>ATELYE EDIKASYON SOU LOJMAN AK TI BIZNIS (AVÈK OEOI)</h2> <p>Pwen Enpòtan Pou Nou Kenbe: Eksplore opòtinite pou devlopman ak itilizasyon miks, aktivite lannuit, ak modèl pwopriyetè kowoperativ</p>
	<h2>ATELYE VIZYÒNMAN (AVÈK OEOI)</h2> <p>Pwen Enpòtan Pou Nou Kenbe: Opsyon manje ki pi sen ak pi abòdab, opòtinite pou aktivite lannuit, pi gwo divèsite nan magazen an detay yo, ak sipò pou pwopriyetè ti biznis BIPOC yo.</p>
	<h2>GWOUP DISKISYON SOU TI ANTREPRIZ (AVÈK OEOI)</h2> <p>Pwen Enpòtan Pou Nou Kenbe: Sipò ak resous pou pwopriyetè premye jenerasyon ak pwopriyetè biznis BIPOC yo</p>
	<h2>GWOUP REFLEKSYON POU LAJENÈS</h2> <p>Pwen Enpòtan Pou Nou Kenbe: Plis rèstoran okazyonèl, plis espas pou akeyi jèn yo nan lide pou pase tan tankou sal sinema oswa kote ki ofri pwogram pou jèn tankou a masyal.</p>
	<h2>GWOUP DISKISYON AN KREYÒL AYISYEN</h2> <p>Pwen Enpòtan Pou Nou Kenbe: Biznis ak enstitisyon ki desèvi Kominote Ayisen an, espas sosyal ak kiltirèl, sipò pou ti biznis yo</p>
	<h2>VIZIT NAN TI BIZNIS YO</h2> <p>Pwen Enpòtan Pou Nou Kenbe: Enpak fèmti pon River Street la, mank kapasite pou patisipe nan pwosesis planifikasyon kominotè squares + streets yo.</p>

SENTÈZ BEZWEN KOMINOTE YO AK REZIME LIDE REKÒMANDASYON YO

Amelyorasyon Devan Magazen Ak Enfrastrikti yo

Kreye yon blòk ki pi konekte ak inifye atravè amelyorasyon fasad magazen yo epi gras ak modènizasyon enfrastrikti yo, pandan n ap konsantre sou zòn ki antoure entèseksyon Hyde Park Avenue ak River Street la. Sa gen ladan l finansman pou antretyen jeneral.

REKÒMANDASYON 1:

Kreye yon fowòm oswa òganize yon randone komèsyal pou angaje pwopriyetè biznis yo epi (re)entwodui pwogram RESTORE OEOI a, ki ofri opòtinite pou amelyorasyon fasad magazen yo.

KALANDRIYE: Akoutèm (1 rive 5 lane)

PATI KI RESPONSAB YO: Biwo pou Opòtinite Ekonomik ak Enklizyon (Office of Economic Opportunity and Inclusion, OEOI)

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

REKÒMANDASYON 2:

Identife kouran finansman ki dwe dirije atravè òganizasyon asosye lokal yo tankou Hyde Park Main Streets ak Keep Hyde Park Beautiful pou sipòte bète ak antretyen pèmanan blòk lokal la pou asire blòk la inifòm epi pou moun santi yo konekte.

KALANDRIYE: Alontèm (5 rive 10 lane)

PATI KI RESPONSAB YO: Biwo pou Opòtinite Ekonomik ak Enklizyon (Office of Economic Opportunity and Inclusion, OEOI)

PRIYORITE: Mwayen ● ● ● ○ ○

REKÒMANDASYON 3:

Devlope mekanis pou gen kontwòl nan tout vil la pou pòs komèsyal ki vid yo. Konplemente gras ak yon pwogram sipò pou biznis ki deja egziste oswa ki fenk kòmanse nan espas komèsyal ki vid yo, yon pwogram ki adrese yon gwo sous enkyetid pou estabilite sektè komèsyal la nan Cleary Square.

KALANDRIYE: Akoutèm (1 rive 5 lane)

PATI KI RESPONSAB YO: Biwo pou Opòtinite Ekonomik ak Enklizyon (Office of Economic Opportunity and Inclusion, OEOI)

PRIYORITE: Fèb ● ○ ○ ○ ○

Divèsifye Itilizasyon Komèsyal epi Pi Devan Mete Aktivite nan Blòk la

Kreye mwayen pou gen yon pi gwo divèsite nan biznis yo, tankou detayan ki ofri pou manje, ak restoran lajounen. Nou ankouraje biznis ki ofri machandiz ak sèvis kiltirèl ki enpòtan ak abòdab pou imigran ki pale Kreyòl Ayisyen, Lang Latino, ak lòt kominote imigran ki gen nan Cleary Square.

REKÒMANDASYON 1:

Kreye plis lwazi entèn - sitou pou divètisman jèn yo, magazen, vant an detay, ak konsomasyon nan restoran anndan espas etid la atravè yon redelimitasyon zòn ki apwopriye ak yon revizyon devlopman ki sipòte itilizasyon kominotè ki dezire a.

KALANDRIYE: Akoutèm (1 rive 5 lane)

PATI KI RESPONSAB YO:

Depatman Planifikasyon

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

REKÒMANDASYON 2:

Kreye livrè "Welcome to Cleary Square Market" la an patenarya ak Hyde Park Main Streets pou moun/antite tankou ajan imobilye, koutye, ak devlopè itilize li kòm yon zouti pou devlopman nan lide pou yo ede ankouraje devlopman nan fason kominote a vle itilize l la nan Cleary Square.

KALANDRIYE: Alontèm (5 rive 10 lane)

PATI KI RESPONSAB YO: Biwo pou Opòtinite Ekonomik ak Enklizyon (OEI), Hyde Park Main Streets

PRIORITY: Mwayen ● ● ● ○ ○

REKÒMANDASYON 3:

Sèvi ak domèn piblik pou restoran ekstèn oswa espas enfòmèl pou kominote a rasanble atravè patenarya vil la, ibanis taktik, oswa pre-pèmi. Opòtinite pou restoran ekstèn yo ta kapab se opòtinite tankou restoran sou Hyde Park Avenue tankou Ron's Gourmet Ice Cream oswa Little Haiti, restoran sou tout longè River Street la tankou Boston Restaurant Bar & Grill, ZAZ, Delicias Colombianas, ak biznis sou Harvard Avenue tankou Fan Fan Bakery ak Las Vegas Seafood Restaurant.

KALANDRIYE: Alontèm (5 rive 10 lane)

PATI KI RESPONSAB YO: Biwo pou Opòtinite Ekonomik ak Enklizyon (OEI), Depatman Planifikasyon

PRIYORITE: Fèb ● ○ ○ ○ ○

Pwoteksyon Ak Sipò Pou Ti Biznis BIPOC Ak Biznis Imigran Posede yo

Ofri pwoteksyon ak sipò pou biznis imigran premye ak dezyèm jenerasyon ki gen pwopriyetè lokal epi ki kapab gen risk pou yo deplase.

REKÒMANDASYON 1:

Direksyon enfòmasyon ak materyèl pou Pwogram Akizisyon Komèsyal ak pwogram sibvansyon SPACE la pou pwopriyetè biznis premye ak dezyèm jenerasyon yo nan Cleary Square.

KALANDRIYE: Akoutèm (1 rive 5 lane)

PATI KI RESPONSAB YO: Biwo pou Opòtinite Ekonomik ak Enklizyon (Office of Economic Opportunity and Inclusion, OEOI)

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

REKÒMANDASYON 2:

Bay asistans teknik a pwopriyetè biznis premye ak dezyèm jenerasyon yo, konsantre sou estrateji devlopman biznis pandan premye 3 rive 5 lane apre ouvèti yo, epitou navige sou platfòm anliy tankou UberEats.

KALANDRIYE: Akoutèm (1 rive 5 lane)

PATI KI RESPONSAB YO: Biwo pou Opòtinite Ekonomik ak Enklizyon (Office of Economic Opportunity and Inclusion, OEOI)

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

REKÒMANDASYON 3:

Mete an plas yon sistèm oryantasyon ki konekte divèsite kilti ak biznis etnik yo nan tout Cleary Square pou ede gen plis rekonesans ak trafik moun apye anndan epi ala Blòk la.

KALANDRIYE: Akoutèm

PATI KI RESPONSAB YO:
Depatman Planifikasyon

PRIYORITE: Mwayen ● ● ● ○ ○

REKÒMANDASYON 4:

Elaji kontak maketin pou Pwogram Legacy Business la nan lide pou genyen plis kopi papye ak materyèl ki tradui nan fason pou ogmante patisipasyon kominate a nan pwosesis nominasyon pou pwogram sa a.

KALANDRIYE: Akoutèm (1 rive 5 lane)

PATI KI RESPONSAB YO: Biwo pou Opòtinite Ekonomik ak Enklizyon (Office of Economic Opportunity and Inclusion, OEOI)

PRIYORITE: Mwayen ● ● ● ○ ○

Jere Fèmti Pon an

Pote sipò dirèk pou ti biznis ki te sibi anpil enpak poutèt pon sou River Street la ki te fèmen an.

REKÒMANDASYON 1:

Solisyon pilòt taktik pou oryantasyon tankou trase bann sou wout yo ak enstalasyon atistik pou dirije trafik lan ale nan biznis ki afekte ki pozisyon sou pon an.

KALANDRIYE: Akoutèm (1 rive 5 lane)

PATI KI RESPONSAB YO: Biwo pou Opòtinite Ekonomik ak Enklizyon (OEI), Depatman Planifikasyon

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

REKÒMANDASYON 2:

Travay sou evènman anyèl Bridgefest la gras ak aktivasyon pak lwazi a ak/oswa pon an atravè amelyorasyon ekleraj, mèb iben, ak travay atistik gras ak envestisman nan enfrastrikti oswa gras ak ibanis taktik tanporè.

KALANDRIYE: Akoutèm (1 rive 5 lane)

PATI KI RESPONSAB YO: Biwo pou Opòtinite Ekonomik ak Enklizyon (Office of Economic Opportunity and Inclusion, OEOI)

PRIYORITE: Mwayen ● ● ● ○ ○

REKÒMANDASYON 3:

Mete an plas yon "distri sosyal" tanporè oswa pwogram pilòt pou aktivite festival nan blòk yo nan lide pou ogmante trafik moun apye pou ede gen plis kote pou moun rasanble.

KALANDRIYE: Akoutèm (1 rive 5 lane)

PATI KI RESPONSAB YO: Biwo pou Opòtinite Ekonomik ak Enklizyon (Office of Economic Opportunity and Inclusion, OEOI)

PRIYORITE: Fèb ● ○ ○ ○ ○

Fè Pwomosyon Aktivite Lannuit

Kreye opòtinite pou gen plis atraksyon nan objektif pou gen yon pi bon kliyantèl rejjonal.

REKÒMANDASYON 1:

Pwomosyon aktivite lannuit nan espas la atravè deimitasyon zòn ki apwopriye ak solisyon kreyatif tankou distribiye lisans pou bwason alkolize bay biznis nan blòk la ki entèrese yo oswa Ba ki ofri Byè oswa Bwason Alkolize yo.

KALANDRIYE: Alontèm (5 rive 10 lane)

PATI KI RESPONSAB YO: Biwo pou Opòtinite Ekonomik ak Enklizyon (Office of Economic Opportunity and Inclusion, OEOI)

PRIYORITE: Mwayen ● ● ● ○ ○

FRIES

WINE

LUNCH



2



■ 2/6

ATIZAY + KILTI

TÈM ANGAJMAN KOMINOTÈ

1

OFRI YON PWOGRAMASYON DIVÈS AK MILTIJENERASYONÈL KI RASANBLE TOUT REZIDAN YO ANSANM.

2

FÈ ENSTITISYON AK RESOUS ATISTIK KI EGZISTE DEJA YO PI VIZIB, KONEKTE, AK AKSESIB POU REZIDAN TOUT LAJ AK TOUT ORIJIN SOSYAL AK EKONOMIK.

3

SIPÒTE VIZIBILITE ENSTITISYON AK RESOUS ATISTIK KI EGZISTE DEJA YO, TANKOU MENINO ART CENTER, PANDAN N AP KREYE YON FASON KI KOYERAN POU ATIZAY + KILTI NAN CLEARY SQUARE.

4

ELAJI AK ENVESTI NAN PAK LWAZI POCKET PARK LA, ÒGANIZE EVÈNMAN ATISTIK AK KILTIRÈL, TANKOU BRIDGEFEST, KI PI FASIL POU ÒGANIZE.

5


CLEARY SQUARE GEN ANPIL RESOUS KILTIRÈL AK ISTORIK KI PA ITILIZE. EVERETT SQUARE THEATRE SE YON ESPAS YO SOUVAN MANSYONE KÒM YON EGZANP RESOUS KOMINOTE ISTORIK ENPÒTAN KI TA KAPAB VIN YON KANDIDA POU REYABILITASYON NAN LIDE POU REVITALIZE KORIDÒ PRENSIPAL LA.



OPÒTINITE ATIZAY AK KILTI NAN CLEARY SQUARE

Soti nan Menino Arts Center rive Las Colombianas, The Switch, Fan Fan Bakery, ak Riverside Theatre, Cleary Square kanpe kòm yon sant enpòtan pou kreyativite ak ekspresyon kiltirèl nan vil Boston. Rekòmandasyon Atizay + Kilti yo baze sou kominote atistik ki vibran ak divès sou yon baz kiltirèl ki preznan nan Cleary Square la, epi yo chèche selebre idantite atistik inik Hyde Park la.

Pwosesis angajman nou an te revel gen plizyè moun ak enstitisyon kap fè efò esansyèl pou vize konekte sektè atistik la ak sektè kilti an nan Cleary Square. Atravè atelye angajman kominotè, vizit gide, ak sondaj, lide pou nou gen yon koridò atizay + kilti a te rive kreye, kote li gen ladan l yon koridò santral ki plen ak magazen, restoran, espas, ak sal teyat ki sipòte sèn kiltirèl ki vibran epi k ap grandi nan zòn nan. Gras ak pwogramasyon, konsèy sou konsepsyon, ak kreyasyon espas ouvè, yon koridò atizay + kilti ki koyeran kapab konekte avni atistik ak kiltirèl dinamik toupre ak nan espas River Street, Central Avenue, ak Fairmount Avenue yo, epi li kapab ranfòse rasin idantite atistik ak kiltirèl Cleary kote menm Cleary sa ka kontinye grandi ak fleri, sèvi ak sipòte kominote divès ak plizyè jenerasyon Blòk la.



REZIME LIDE REKÒMANDASYON YO

Konektè Atizay ak Kilti a

REKÒMANDASYON 1:

Devlope yon koridò prensipal atizay ak kilti oswa yon zòn ki deziyen pou sa a, ki sipòte ak ranfòse idantite atistik ak kiltirèl ki déjà preznan nan Cleary Square lan. Koridò prensipal la pral plase sou tout longè River Street ak Fairmount Avenue, epi nan chak pwent li, ap gen estasyon tren pou deplasman. Central Ave tou, ap aji kòm yon koneksyon ant Menino Arts Center ak Sant Kominotè Pryde la ki fèk fini an. Enstalasyon zèv atistik tanporè oswa pèmanan nanri sa yo kapab sèvi tou kòm zouti pou kreye koneksyon ant atis sa yo ak espas kiltirèl yo. Lòt envestisman ak sipò pou òganizasyon atistik + kiltirèl ki egziste déjà nan Cleary Square ta kapab fèt gras ak fon prive pou rediksyon deplasman ak devlopman Biwo Atizay ak Kilti Majistra a (MOAC) te kolekte epi distribye. Gade seksyon "Espas Ouvri, Objektif Itilizasyon Tèren ak Konsepsyon" an, ansanm ak seksyon rekòmandasyon pou ti biznis lan pou wè ki jan plan sa a pral sipòte koridò "atizay + kilti" an atravè lòt pwojè rekòmandasyon.

KALANDRIYE: Alontèm (5 rive 10 lane)

PATI KI RESPONSAB YO:

A detèmine

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

Ankouraje Pwogramasyon Kiltirèl ak Pwosesis Otorizasyon Rasyonalize

REKÒMANDASYON 1:

Deziyen pak lwazi a kòm yon pak ki gen lisans amizman otorize annavans gras ak yon òganizasyon ot nan lide pou òganize evènman pou odyans divès ak entèjenerasyonèl an kolaborasyon ak divès gwoup kiltirèl. Si pwogram sa a ta elaji, konsidere òganize lòt lisans amizman nan lòt espas ouvè ki gen nan Cleary Square.

KALANDRIYE: Akoutèm (1 rive 5 lane)

PATI KI RESPONSAB YO: Biwo Majistra pou Atizay ak Kilti

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

Inisyativ pou Atizay ak Kilti nan tout Vil la

REKÒMANDASYON 1:

Ranpli envantè Atizay Piblik la nan Cleary Square nan kad yon efò tout vil la ap fè pou kataloge atizay epi idantifye kote ki gen twou vid nan koleksyon atizay piblik nou an. Ankouraje enklizyon Atizay (zèv atistik) ki reflete divèsite kiltirèl kominate Cleary Square la - fè referans ak direktiv Biwo Majistra pou Atizay ak Kilti an konsènan atizay piblik sou pwopriyete prive.

KALANDRIYE: Akoutèm (1 rive 5 lane)

PATI KI RESPONSAB YO: Biwo Majistra pou Atizay ak Kilti

PRIYORITE: Mwayen ● ● ● ○ ○

Sipò pou Resous Kiltirèl Istorik

REKÒMANDASYON 1:

Travay ansanm ak Boston Landmarks Commission (Komisyon pou Sit Istorik nan Boston an) pou evalye Everett Square Theatre antanke yon espas kandida pou deziyasyon endividiyèl, epitou pou kontribiye nan konstriksyon yon distri istorik.

Vin ak yon lis konplè sou divès finansman ki sipòte reyabilitasyon aktif istorik ak kiltirèl yo, tankou Everett Square Theatre. Posiblite finansman yo limite anpil selon kalite pwopriyete Sal Teyat la, men diferan patenarya ka pèmèt gen yon seri posiblite. Kounye a sit Everett Square Theatre la se yon pwopriyete prive epi li pa gen deziyasyon istorik, sa ki limite posiblite finansman reyabilitasyon an.

KALANDRIYE: Akoutèm (1 rive 5 lane)

PATI KI RESPONSAB YO: Komisyon pou Sit Istorik nan Boston, Depatman Planifikasyon

PRIYORITE: Fèb ● ○ ○ ○ ○

3

SHARE
THE
ROAD



 3/6

TRANSPÒ



PROCESS TO RECOMMENDATIONS

Yo te devlope rekòmandasyon transpò ak espas piblik nan plan sa nan lide pou reponn a twa konsiderasyon kle:

1. Yo pataje priyорite kominate ki pi ijan yo nan kad pwoesisis angajman an
2. Pwoblèm sekirite, aksè ak fyabilite ki te pi gwo yo te idantifye atravè yon analiz done ki egziste deja yo
3. Kapasite Meri a, kapasite lòt ajans piblik yo, ak kapasite patnè prive yo gen pou yo aplike solisyon an nan yon peryòd tan ki relativman kout (10 lane)

Nan nenpòt katye ou pran nan Boston, gen yon kantite envestisman enteresan pou amelyore sistèm transpò ak domèn piblik nou yo. Pou asire plan sa a kapab bay bon rezulta nan dis lne, rekòmandasyon pou Cleary Square yo konsantre sou priyòrite ki kapab aplike nan espas 10 lane. Plis apse yon douzèn rekòmandasyon te prezante pi ba a soto nan yon ri espesifik ak chanjman entèsekson pou ale nan yon dal sijesyon règleman global pou tout espas etid la.

Ekip planifikasyon an ap kontinye kowòdone ak asosye apwopriye yo nan lide pou finalize pati responsab konsekan yo pou domèn etid sa a.

TÈM ANGAJMAN KOMINOTÈ

1

RALANTI MACHIN K AP PASE YO EPI AMELYORE SEKIRITE PYETON YO

Anpil moun pataje yon dezi pou kalme trafik yo nan lide pou fè Cleary Square vin pi konfòtab pou mache ladan l. Anpil moun te montre enkyetid yo konsènan vitès ak trafik nan plizyè ri tankou Hyde Park Ave, Gordon Ave, Summer St, Austin St, Walnut St, ak Central Ave.

2

ELAJI ESPAS PIBLIK POU BIZNIS, ESTASYON OTOBIS, AK ESPAS VÈT NAN RI YO.

Sou tout longè ri prensipal blòk la, tankou Hyde Park Ave, River St, ak Fairmount Ave, anpil moun te eksprime yon gwo dezi pou gen plis espas piblik nan lari a nan lide pou sipòte biznis, itilizasyon kominotè, pi bon estasyon otobis, ak espas vèt.

3

RANN LI PI FASIL POU AL PRAN METWO A.

Anpil moun te fè konnen yo rekonesan tren metwo a bay yon opsyon transpò rapid ak konfòtab pou ale o soti nan anpil destinasyon anndan vil Boston an. Diferans ki gen nan pri tikè yo ant Fairmount Station ak Hyde Park Station te souvan yon sijè diskisyon nan mitan moun yo paske yo konsidere se yon obstak pou pran tren an lè y ap soti nan Hyde Park Station. Gen kèk moun ki te di li kapab difisil pou rive nan estasyon yo poutèt enfrastrikti ki egziste nni nan lari a ni nan estasyon yo, sitou pou moun ki gen andikap fizik.

4

RANN SÈVIS TRANSPÒ NAN OTOBIS LA PI SEKIRIZE, PI RAPID, AK PI FYAB.

Anpil biznis ak rezidan gen espwa itilize transpò bis la pou yo deplase chak jou. Anpil moun ki pran bis fè konnen bis yo, ansanm ak trajè Route 32 a, souvan gen blokis, sa ki rann yo anreta. Gen kèk moun ki di se pa tout estasyon otobis ki gen ase espas sou twotwa yo epi yo fè konnen travèse lari a toupre estasyon otobis yo se yon demach ki kapab difisil, sitou si pa gen pasaj pou pyeton.

5
**KREYE OPSYON KI REPREZANTE MWENS DANJE POU KOURI BEKÀN
ALANTOU VWAZINAJ LA**

Anpil moun deklare yo santi yo pè oswa yo pa an sekirite lè y ap kouri bekàn menm si se sou distans tou kout paske pa gen anpil liy ak chimen pou bekàn nan espas la. Pi bon koneksyon pou kouri bekàn pou ale nan plizyè kote se sijè moun yo te souvan pataje ansanm ak dosye bibliyotèk la, sant kominotè an, estasyon tren metwo a, estasyon Forest Hills la, ak Neponset River an.

6
**REPONN AK DEMANN POU PAKIN AK TWOTA KI AP PI PLIS CHAK JOU LI
JOU**

Anpil moun te fè konnen yo enkyete yo pou kapasite ki manke pou byen jere demann pakin machin pou biznis ak rezidan yo. Pandan popilasyon an ap grandi, gen kèk moun ki te eksprime dezi yo gen pou yo pi byen konprann kijan otorite yo ap jere dosye demann ki egziste deja pou pakin machin ak pakin nan lari yo.

REZIME LIDE REKÒMANDASYON YO

Ralanti machin k ap pase yo epi amelyore vizibilite nan Gordon Avenue ak ri ki alantou yo.

Gordon Ave se yon ri enpòtan pou fanmi ki pral mennen timoun lekòl nan Henry Grew Elementary School yo, men se yon kote pyeton souvan viktim aksidan. Pwoblèm sa vin pi mal toujou apre fèmti pon River Street la. Pou rezoud pwoblèm sa yo, pwojè rekòmandasyon yo se:

REKÒMANDASYON 1:

Sèvi ak zouti pou ralanti trafik la nan lide pou amelyore vizibilite pasaj pou pyeton yo ak ralanti mouvman machin yo sou Gordon Ave ak ri ki alantou yo.

KALANDRIYE: Akoutèm (1 rive 2 lane)

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

REKÒMANDASYON 2:

Rekonfigurasyon entèsekson Gordon Ave/River St la gras ak rekonstriksyon pon sou River St la pou fè pasaj pyeton yo pi kout ak ralanti vitès machink ap vire yo.

KALANDRIYE: Alontèm (5 rive 10 lane)




PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

Rekonstwi Walnut Street pou ofri opsyon yon twotwa aksesib, ralanti trafik la, ak konstwi pakin lari ofisyèl soti nan Dana Ave rive nan Estasyon Fairmount lan.

Walnut Street se yon gwo koneksyon ak Estasyon Fairmount men li pa gen twotwa, li pa gen koneksyon pou kondui bekàn, epi li pa gen règleman pakin ki klè. Gras ak yon sèvis aktyèl 30 minit k ap fonksyone sou Liy Fairmount lan chak jou, gen bezwen pou yon pi bon opsyon aksè pou antre nan Estasyon Fairmount lan, sa k ap bay moun aksè a gwo ekipman transpò piblik sa a.



REKÒMANDASYON:



KALANDRIYE: : A Tan Mwayen (3 rive 7 lane)

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

Evalye entèsekSYON (kafou) ki konn gen aksidan yo pou mezi sekirite yo.

Soti ane 2021 pou rive ane 2023, te gen 118 aksidan sikilasyon ki te mande yon repons ijans nan Zòn Planifikasyon an. Gen plizyè entèsekSYON nan blòk la manm kominote a te souvan ap pale sou yo antanke kafou ki pa an sekirite epi ki kontribye nan pil aksidan sikilasyon ki konn genyen yo. Pwojè rekòmandasyon espesifik yo se:

REKÒMANDASYON 1:

Mete an plas karakteristik konsepsyon pou amelyore vizibilite pasaj pyeton yo epi ralanti sikilasyon machin k ap vin pre pasaj pou pyeton yo nan Hyde Park Ave/Winthrop St

KALANDRIYE: Akoutèm (3 rive 5 lane)

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

REKÒMANDASYON 2:

EVALYE siyalizasyon sou wout yo, siyalizasyon, itilizasyon arebò twotwa yo, ak estrateji siyal pou klarifye fonksyònman entèsekSYON yo epi amelyore vizibilite pasaj pou pyeton yo sou Fairmount Avenue ant Pierce St ak Davison St.

KALANDRIYE: Akoutèm (1 rive 2 lane)

PRIYORITE: Mwayen ● ● ● ○ ○

REKÒMANDASYON 3:

Kowòdone ansanm ak Depatman Konsèvasyon ak Rekreyasyon an pou idantife estrateji akoutèm pou senplifye entèsekSYON an epi redui pwen konfli ki egziste nan kafou Truman Parkway ak Fairmount Ave/Beacon St lan.

KALANDRIYE: Alontèm (5 rive 10 lane)

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

Rekonfigire espas nan majorite kabin pou moun tann bis yo nan lide pou satisfè bezwen sekirite, tranzit, ak espas piblik yo.

Genyen de (2) kabin bis prensipal nan Cleary Square. Nan Hyde Park Ave ant Oak St ak Dana Ave, gen de estasyon otobis ki toujou plen moun (yonn pou antre, ak youn pou soti) ki yo emnm desèvi trajè Route 32, 33, ak 50 yo. Nan entèsekSYON Fairmount Ave ak River St, Route 24 ak 33 yo pase epi yo kite moun monte ak desann otobis la. Nan toude kote yo, estasyon bis ki deja la yo manke espas adekwa pou pèmèt pasaje yo rete tann san pwoblèm. Nan rekonfigirasyon espas alantou kabin pou moun otobis sa yo, ri yo ka pi byen desèvi bezwen pasaje bis ak operatè yo genyen pandan n ap jere dosye sekirite pyeton yo epi kreye espas pou nou mete lòt karakteristik ri tankou pye bwa ak espas vèt. Pwojè rekòmandasyon espesifik yo se:

REKÒMANDASYON 1:

Modifeye wout otobis yo pou elimine nesesite pou trajè Route 50 lan ansanm ak viraj nan Route 32 an pou fè yon viraj sou Hyde Park Ave, ki gen ladan 1 ti rekonfigurasyon ki gen pou fèt nan pakin machin nan estasyon metwo MBTA Hyde Park la. Itilize espas adisyonèl ki pa nesesè ankò pou otobis yo vire sou Hyde Park Ave nan lide pou eksploré opòtinite elaji ki gen nan domèn pubblik pou plis ekipman estasyon otobis, twotwa ki pi laj, liy bekàn ki apa, ak espas vèt.

KALANDRIYE: A Tan Mwayen
(3 rive 7 lane)



PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

REKÒMANDASYON 2:

Nan kowòdinasyon ak Depatman Enstalasyon Piblik Boston an, eksploré opsyon rekonfigurasyon pou entèsekson River St ak Fairmount Ave an nan lide pou tabli plizyè estasyon otobis bon jan kalite k ap desèvi tout trajè ki te planifye nan kad Rekonsepsyon Rezo Wout Otobis MBTA a, senplifye entèsekson an pou tout moun k ap pran bis yo, epi kreye plis espas pubblik pou itilizasyon kominate a, biznis, ak espas vèt.

KALANDRIYE: Alontèm (5 rive 10 lane)

PRIYORITE: Mwayen ● ● ● ○ ○



Vin ak yon eksperyans ki pi sekirize, pi rapid ak pi fyab pou moun yo pran bis nan Hyde Park Ave

Hyde Park Ave gen plizyè milye pasaje ki monte bis ladan l chak jou, men bis yo toujou reta poutèt blokis.

REKÒMANDASYON 1:

Anpil estasyon bis kote moun yo ap tann pa gen pasaj pyeton oswa amenajman. Meri Vil Boston an ap devlope, nan moman an, yon plan atravè Plan Aksyon Transpò Sidwès Boston an ki ap fèt anba sipèvizon Boston Streets Cabinet la ki pral devlope ak evalye mezi konsepsyon pou amelyore sèvis otobis la sou tout longè Hyde Park Ave. Nan kad pwosesis sa a, Meri Vil la pral evalye opòtinite pou enstale lòt pasaj pyeton sou Hyde Park Ave pou asire tout estasyon otobis yo gen yon pasaj pou pyeton.

KALANDRIYE: A Tan Mwayen
(3 rive 7 lane)

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

Redui obstak fizik ak finansye nan itilizasyon metwo a.

Pri ki pa fiks ak ensfrastriksti askè nan estasyon metwo yo kreye obstak chak jou pou moun ki vle itilize estasyon metwo a. Pwojè rekòmandasyon espesifik yo se:

REKÒMANDASYON 1:

Travay ak MBTA pou avanse konsepsyon plizyè platfòm wo nivo nan estasyon Hyde Park ak estasyon metwo Fairmount lan nan lide pou amelyore aksè.

KALANDRIYE: Alontèm (7 rive 10 lane)

PRIYORITE: Mwayen ● ● ● ○ ○

REKÒMANDASYON 2:

Kontinye kanpe pou pri yo ka desann (Zòn 1A) nan estasyon Hyde Park la pou diminye obstak finansye ki genyen pou sèvis transpò Metwo a.

KALANDRIYE: Alontèm (5 rive 10 lane)

PRIYORITE: Mwayen ● ● ● ○ ○

Agrandi aksè pou moun k ap kondi bekàn yo gras ak ri ki gen mwens trafik, liy pou bekàn, ak chimen espesyal pou yo.

Avèk kèk koneksyon liy bekàn ki egziste deja, moun ki nan Cleary Square yo manke opsyon ki san danje ak konfòtab pou monte bekàn yo nan destinasyon lokal yo oswa sou arebò Rivyè Neponset la. Epi tou, pa gen okenn estasyon Bluebikes nan Estasyon Fairmount lan. Lè nou konekte yon rezo pou tout yon katye ki gen ri ak mwens trafik ki konfòtab pou moun monte bekàn, liy pou bekàn nan ri ki plis prensipal yo, epi chemen ki pa kole ak ri yo, plis moun ap gen aksè a monte bekàn kòm yon opsyon pou fè ti deplasman nan katye a. Pwojè rekòmandasyon espesifik yo se:

REKÒMANDASYON 1:

Kreye yon rezo wout pou bekàn ki bay koneksyon ak destinasyon kle anndan katye a, tankou estasyon tren metwo a, sèvis Meri a nan Logan Square, ak Neponset River Greenway lan.

KALANDRIYE: 1 rive 10 lane (sa kapab rive amezi tan ap pase yon ri apre lòt)

PRIYORITE: Mwaven ● ● ● ○ ○

REKÒMANDASYON 2:

Travay ak Depatman Konsèvasyon ak Rekreyasyon Massachusetts la pou pwolonje pwojè Neponset River Greenway la soti nan tèminal ki egziste deja sou bò ès Fairmount Avenue an rive nan Zòn Planifikasyon an, kote li finalman pral konekte ak Blue Hills.

KALANDRIYE: Alontèm (5 rive 10 lane)

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

REKÒMANDASYON 3:

Kreye yon estasyon Bluebikes nan Estasyon Fairmount lan.

KALANDRIYE: Akoutèm (1 rive 2 lane)

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●



ARTS + CULTURAL CORRIDOR (PEDESTRIAN PRIORITY AREA)
BLUEBIKES STATION
SCHOOL, COMMUNITY CENTER, OR LIBRARY
EXISTING STREET DIRECTION

Elaji aksè pou itilize pakin pataje ak resous transpò pou jere demann pakin yo avèk efikasite.

Jodi a, gen kèk resous transpò pataje ki disponib nan Cleary Square, tankou sèvis taksi pataje. Mete sou sa a, gran majorite nan espas pakin lari yo pa règlemante, sa vle di nenpòt moun ka pakin la pou nenpòt ki kantite tan. Sa vin lakòz rezidan yo, devlopè yo, ak biznis yo gen kèk opsyon pou jere depans yo ak bezwen espaspou moun pakin machin yo avèk efikasite. Pwojè rekòmandasyon espesifik yo se:

REKÒMANDASYON 1:

Ankouraje nouvo pwojè devlòpman pou ofri sèvis taksi pataje pou bay rezidan yo aksè ak opsyon machin nan jan sa nesesè pandan y ap redui depans finansye ak espas.

KALANDRIYE: Akoutèm (1 lane)

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

REKÒMANDASYON 2:

Etidye kijan moun yo itilize pakin lari yo ansanm ak pakin piblik yo nan lide pou asire règ pakin yo satisfè bezwen ki gen nan espas twotwa yo san patipri ak efikasite.

KALANDRIYE: Akoutèm (3 rive 5 lane)

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●



An aerial photograph showing a massive array of solar panels installed on the roof of a large industrial building. The panels are arranged in numerous rows, covering a significant portion of the dark, flat roof surface. Some white vent pipes are visible between the panels.

4



4/6

ESPAS OUVÈ AK REZILYANS

ANGAJMAN KOMINOTÈ

TÈM KOMINOTE

1

Amelyorasyon ak agrandisman 'Pocket Park', yon plas Depatman Transpò Boston posede, se yon gwo priorite. Pak sa a se yon pwen enpòtan pou kominote a ak sant pwogram atistik + kiltirèl nan Blòk la jounen jodi a.

2

KREYE KONEKSYON AK RIVYÈ NEPONSET LA

Kreye koneksyon espas ouvè ki pèmèt moun gen lwazi sou arebò rivyè a, bay aksè nan rivyè a pou moun monte kayak ak kannòt, epi konekte ak Neponset River Greenway pou mache ak monte bekàn.

3

AGRANDI AK AKTIVE DOMÈN PIBLIK LA

Entèsekson kle yo ak ti pak ki egziste deja nan Blòk la ta kapab aktive Blòk la yon fason ki gen plis enpak gras ak plant, chèz, zèv atistik piblik, restoran ekstèn, ak evènman kiltirèl n ap ajoute. Opòtinite kominote yo te idantifye pou amelyorasyon ak pwogramasyon yo se kote tankou ti pak ki egziste nan mitan bilding River Street yo, entèsekson ki devan Bilding Minisipal la, ak entèsekson ki devan Legliz Advantis Setyèm Jou Hyde Park la.

4

ENTEGRE REZISTANS

Ekspansyon forè iben an pandan n ap plante pyebwa nan lari, patikilyèman sou Hyde Park Avenue.

Aplikasyon enfrastrikti oswa espas vèt pou jesyon dlo lapli ki toupre Rivyè Neponset la.




IDANTIFYE OPÒTINITE ESPAS OUVÈ NAN CLEARY SQUARE

Jounen jodi a, Cleary Square gen zòn iben ki pa konstwi, ti plaza, ak espas rekreyasyon, men rezidan yo dwe ale andeyò Blòk la pou yo pran plezi yo nan pi gwo pak piblik ansanm ak koneksyon sou Neponset River a.

- Amelyorasyon domèn piblik yo gen potansyèl pou kreye koneksyon, pou sèvi antanke
- espas evènman ekstèn pou pwogram atistik ak kiltirèl, epi tou pou fè katye a plis
- rezistan ak gwo chalè epi inondasyon apre gwo lapli.

Pwojè rekòmandasyon pou espas ouvè yo idantifye twa gwo ekspansyon nan sistèm espas ouvè nan pòt antre ki enpòtan anndan katye a: amelyorasyon nan Pocket Park toupre estasyon tren Hyde Park la, yon nouvo espas nan sant Blòk la kòm yon antre pou moun k ap soti River Street yo, ak yon nouvo espas ouvè nan rivyè a toupre estasyon tren Fairmount la.



REZIME LIDE REKÒMANDASYON YO

Amelyore Pak Lwazi a

REKÒMANDASYON 1:

Transfere pwopriyetè Pocket Park la soti nan men Depatman Transpò Boston an bay Depatman Pak ak Rekreyasyon Boston an pou fasilite amelyorasyon ak ekspansyon Pocket Park la, ki li menm se yon pwen enpòtan pou kominote a ak sant pwogram atistik + kiltirèl nan Blòk la jounen jodi a. Pandan sa a, mete priz elektrik nan Pocket Park pou sipòte pwogram aktyèl la.

KALANDRIYE: Akoutèm (1 rive 2 lane)

PATI KI RESPONSAB YO: Depatman Planifikasyon, Depatman Pak ak Rekreyasyon Boston, Depatman Transpò nan Boston

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

Sipòte kreyasyon yon pak piblik sou arebò rivyè a

REKÒMANDASYON 1:

Transfere pwopriyete ansyen sit Lewis Chemical la soti nan men Biwo Lojman Majistra a bay yon ajans piblik oswa ki san pwofi pou fasilite kreyasyon yon pak piblik ki gen koneksyon ak Rivyè Neponset la. Sit sa a, ki se yon sit alontèm, ta kapab konekte ak Neponset River Greenway.

KALANDRIYE: Akoutèm (3 rive 5 lane)

PATI KI RESPONSAB YO: Depatman Planifikasyon, Biwo Lojman Majistra a

PRIYORITE: Mwayen ● ● ● ○ ○

Agrandi Domèn Piblik la

REKÒMANDASYON 1:

Kreyasyon yon nouvo pladza nan River Street ak Fairmount Avenue atravè amelyorasyon entèseksyon dirèkteman devan Bilding Minisipal la. Pladza sa a gen opòtinite pou kreye yon pwen enpòtan pou koridò atistik la epi konekte ak enstalasyon lwazi ki egziste sou Bilding Minisipal la. Gen opòtinite pou kowòdone travay sa a ansanm ak lòt amelyorasyon nan Bilding Minisipal la ki te fèt anba direksyon Depatman Enstalasyon Piblik la.

KALANDRIYE: Alontèm (8 rive 10 lane)

PATI KI RESPONSAB YO: Depatman Planifikasyon, Depatman Pak ak Rekreyasyon Boston, Depatman Transpò nan Boston ak Depatman Etablisman

PRIYORITE: Fèb ● ○ ○ ○ ○

Enfrastrikti (espas) vèt

Opòtinite enfrastrikti (espas) vèt yo ta dwe entegre nan tout amelyorasyon domèn piblik yo. Nan kad plan sa a, pwojè sa yo se pwojè tankou Pocket Park, ekspansyon domèn piblik sou Hyde Park Avenue epi nan entèsekson River Street ak Fairmount Avenue an, ak sit ki bò Rivyè Neponset la. Avèk pwoksimite Rivyè Neponset la, ralanti mouvman dlo a epi amelyore kalite dlo a gen yon enpòtans patikilye nan Cleary Square.

REKÒMANDASYON 1:

Biwo Enfrastrikti (Espas) Vèt la kapab dirije kreyasyon enfrastrikti vèt a ti echèl sou sit kominote a idantifye arebò Rivyè Neponset la, pandna y ap konstwi anplis sou travay ki deja fèt epi sou koneksyon kominotè yo nan katye a.

KALANDRIYE: Akoutèm

PATI KI RESPONSAB YO: Biwo pou Enfrastrikti Vèt yo

PRIYORITE: Mwayen ● ● ● ○ ○

REKÒMANDASYON 2:

Entegrasyon enfrastrikti (espas) vèt nan Pocket Park, ekspansyon domèn piblik sou Hyde Park Avenue epi nan entèsekson River Street ak Fairmount Avenue an, ak sit ki bò Rivyè Neponset la.

KALANDRIYE: Alontèm

PATI KI RESPONSAB YO: Biwo pou Enfrastrikti Vèt yo

PRIYORITE: Mwayen ● ● ● ○ ○

Plante pyebwa nan lari yo

REKÒMANDASYON 1:

Yo ta dwe bay priyorite pou plante pyebwa nan lari yo sou Hyde Park Avenue ak lari yo idantifye kòm Koridò Atistik yo (River St, Fairmount Ave, ak Central Ave).

KALANDRIYE: Sou rezèv kalandriye devlopman an

PATI KI RESPONSAB YO: Depatman Pak ak Rekreyasyon Boston an (Divizyon Forestye Iben an)

PRIYORITE: Mwayen ● ● ● ○ ○

5

 5/6

LOJMAN

PWOSESIS POU REKÒMANDASYON YO

Lis evènman angajman sa yo te enfliyanse pwojè rekòmandasyon ki nan afiche epi rezime anba a:

- Entèvyou 1 a 1
- Evènman Lansman
- Atelye Edikasyon sou Lojman ak Ti Biznis
- Atelye Vizyònman (an pèsòn ak vityèl)
- Gwoup Diskisyon an Kreyòl Ayisyen
- Vizit Gide

Nan divès angajman, remak kominote a fè yo te demonstre enkyetid yo gen konsènan risk deplasman poutèt ogmantasyon pri, nivo abòdab lojman yo ansanm ak estabilite, epi tou opòtinite pou itilize tèren piblik nan Cleary pou adrese bezwen sa yo. Rezime pwojè rekòmandasyon ki anba a gen ladan li inisyativ ki egziste nan tout vil la, tèren piblik yo idantifye pou yon pwosesis dispozisyon, ak efò kontinyèl jesyon risk nan kad deplasman anplwaye Meri yo ap fè yo.

ANGAJMAN KOMINOTÈ

1

NIVO ABÒDAB PWOFON POU NOUVO LOJMAN KI GEN RESTRIKSYON SOU REVNI

Gen enkyetid konsistan konsènan nan ki nivo novo lojman yo ap abòdab nan tout Blòk la ak Ri alantou l yo (Squares + Streets). Anpil manm kominote a te endike preferans yo genyen pou lojman ki pi abòdab ki diferan ak Delimitasyon Enklizif la (Inclusionary Zoning, IZ), ki mande pou 17% nan kantite pye kare rezidansyèl yo gen restriksyon revni nan yon mwayèn 60% Revni Mwayen Rejyon an ak yon lòt 3% mete sou kote pou moun ki gen bon yo.

2

SIPÒ POU MEZI KI ASIRE ESTABILITE LOJMAN

Gen enkyetid kote novo devlopman an pa pral vrèman abòdab pou moun ki nan limit revni kay ki abite kgwo dezi pou diminye ogmantasyon pri lojman yo poutèt novo devlopman ak envestisman ki gen nan Cleary Square yo.

3

DEZI POU PWOFITE TÈREN PIBLIK YO POU LOJMAN ABÒDAB

Gen bon jan sipò pou ankouraje itilizasyon tèren piblik ki egziste deja yo pou novo lojman epi pou reyalize diferan nivo abòdab pase jan sa nòmalman konn rive nan devlopman prive yo. Nan zòn etid Blòk sa a, gen plizyè opòtinite pou ogmante itilizasyon tèren piblik yo pou solisyon potansyèl nan kad lojman abòdab.

4

AMELYORE ENTEGRASYON SOSYO-EKONOMIK ATRAVÈ LOJMAN

Divèsite ak entegrasyon atravè revni ak ras se yon valè enpòtan nan mitan kominote an nan lide pou amelyore atravè pwodiksyon plis rezèv lojman nan yon seri dimansyon inite ak nivo abòdab nan kad novo devlopman yo. Gen sipò pou inite ki pi piti (jiska 1 chanm), ki gen ladann anpil nan inite ki fèk devlope jodi a, epi tou gen inite ki pi gwo pou fwaye ki gen timoun, ki gen mwens chans pou yo disponib nan novo devlopman yo si pa gen motivasyon ase pou sa.

REZIME LIDE REKÒMANDASYON YO

Kòmanse Dispozisyon Pingree Street lan pou Lojman Abòdab nan Cleary Square

REKÒMANDASYON 1:

Lanse yon pwoesis angajman kominotè pou gide dispozisyon tèren vid la nan Pingree Street, epi tout sa ap fèt pandna n ap konsantre n tout bon sou lojman abòdab pou Cleary Square. Bay priyorite ak devlopman ki adrese bezwen lokal yo, tankou inite abòdab pou fanmi (apatman 2 ak 3 chanm) ak lojman pou revni miks.

KALANDRIYE: 1 rive 2 lane

PATI KI RESPONSAB YO:

Depatman Planifikasyon

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ● ●

Kòmanse Dispozisyon Lokal Walnut Street la pou Itilizasyon Kominote jan li Vle l la

REKÒMANDASYON 1:

Vin ak yon pwoesis angajman kominotè pou detèmine ki pi bon fason nou ka itilize tèren ki vid nan Walnut Street yo.

KALANDRIYE: 1 rive 2 lane

PATI KI RESPONSAB YO:

Biwo Majistra pou Lojman an

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

Identifye Opòtinite pou Akizisyon AOP ak Developè Lojman San Pwofi ki Abòdab yo:

REKÒMANDASYON 1:

Kolabore ak devlopè lojman abòdab san pwofi yo pou jwenn pwopriyete ki egziste deja atravè Pwogram Opòtinite Abòdab la (Affordable Opportunity Program, AOP). Konsantre sou pwopriyete ki nan pozisyon estratejik yo, patikilyèman tou pre koridò transpò publik yo, pou yo ka toujou rete abòdab.

KALANDRIYE: 5 rive 10 lane

PATI KI RESPONSAB YO:

Biwo Majistra pou Lojman an

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

Kreye Gid Akizisyon pou Acha Piblik nan Cleary Square

REKÒMANDASYON 1:

Devlope direktiv akizisyon klè pou fasilité acha pwopriyete kle nan Cleary Square.

KALANDRIYE: Akoutèm (1 rive 5 lane)

PATI KI RESPONSAB YO: Depatman Planifikasyon/Divizyon Imobiliye
Depatman Planifikasyon an

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

Priyorize Inite pou Fanmi Yo Nan Kreyasyon Inite IZ yo

REKÒMANDASYON 1:

Rekòmande atravè sèvis Pwomosyon Egalite nan Dosye Lojman an (Affirmative Furthering Fair Housing, AFFH) kreyasyon yon pi gwo kantite fiks inite abòdab nan nouvo devlopman yo ki konstwi yon fason ki pi gwo, sitou inite ki gen 2 ak 3 chanm. Sa pral ede nou adrese demann k ap grandi pou lojman akomode pou fanmi ki gen timoun, sitou nan zòn tankou Cleary Square.

KALANDRIYE: Akoutèm (1 rive 5 lane)

PATI KI RESPONSAB YO:
Mayor's Office of Housing

PRIYORITE: Mwayen ● ● ● ○ ○

Anti-Deplasman

REKÒMANDASYON 1:

Sipòte lokatè yo nan Hyde Park pandan n ap vin ak mezi pwoteksyon pou lokatè yo ak lòt pwogram asistans, tankou mande pwopriyetè yo pou yo fè avi annavans ak yon fason ki pi konplè konsènan degèpisman oswa deplasman lokatè yo poutèt redevelopman.

KALANDRIYE: Akoutèm (1 rive 5 lane)

PATI KI RESPONSAB YO:
Konsèy Konsiltatif pou Planifikasyon (Planning Advisory Council, PAC)

PRIYORITE: Elve ● ● ● ● ●

6

WHAT IS YOUR VISION FOR CLEARY SQUARE?

PLACE A POST-IT ON THIS BOARD IN
RESPONSE TO THE PROMPTS BELOW!

Housing: What barriers exist that prevent you from accessing affordable, diverse types of housing?

Price of
Homes
There needs to be
more family friendly
options with studios

Zoning around
ADU's and other
multi-generational
housing options

Housing options
for Seniors

More Housing, especially
affordable, multi-generational
options, more studios

Small Business/Arts and Culture: What kinds of cultural uses would bring more foot traffic and activity to Cleary Square?

Cafes / bakeries
+
Bubble Tea ☺

Cafe
Child care center

More bar/lounges
+ restaurants
A Good Park

Transportation and Public Realm: How could Cleary Square be made more comfortable, or safer for you to get around?

Frequent
bus lines
and
bikes

bike lanes on
both park ave
and river

Have Businesses
Clean Up the
Front of Their
Store Fronts

N.B.T.A.
both ends
of Tazman
Highway &
Patty and
Peach Hill

Physical Environment: What are some of the most notable physical features (buildings, materials, lighting, outdoor spaces) that are important to the square 'feeling' like Cleary Square?

■ 6/6

ITILIZASYON TÈREN AK KONSEPSYON

Enfòmasyon nou rasanble pandan Resepsyon Ide an ak peryòd suivi sa a pral ede nou fòme Kad Itilizasyon ak Konsepsyon Tèren a ki pral fè pati dokiman plan final Cleary Square la.

Kad Itilizasyon ak Konsepsyon Tèren an dokimante rekòmandasyon pou itilizasyon tèren yo alavn epi pou konsepsyon biling yo. Li pral sèvi tou kòm yon baz pou redaksyon yon Amandman sou Kat Delimitasyon Zòn nan ki, si yo ta rive adopte l, ta mete ajou delimitasyon ki déjà gen nan Cleary Square pou aplike plan an.

Plan an pral gen ladan l tou plizyè Gid Konsepsyon pou asire aktivite ak kalite biling yo rekòmande nan Kad Itilizasyon ak Konsepsyon Tèren an anfòm nan kontèks inik Cleary Square la. Opsyon sa pral bay konsèy pou aparans ak santiman ki degaje nan nouvo devlopman k ap fèt nan Blòk la. Gid sa yo kapab gen ladan yo sijesyon sou ki kalite espas ouvè yo ta dwe itilize pou satisfè kondisyon delimitasyon zòn yo (tankou balkon oswa lakou), oswa ki fason konsepsyon fasad nouvo biling yo ta dwe gen rapò ak sa ki egziste jodi a yo.



TÈM ANGAJMAN KOMINOTÈ

AMELYORE KONEKSYON

1

Cleary Square jodi a gen anpil aktif enpòtan nan kominote a, tankou Pocket Park, BCYF, Menino Art Center, YMCA, Hyde Park Public Library, ak Ron's Gourmet Ice Cream. Aktif sa yo gaye toupatou nan Blòk la. Blòk la genyen ladan l tou estasyon metwo MBTA an sou chak bò lari prensipal la epi l gen Rivyè Neponset la k ap kouri sou limit sid la. Te vin gen plizyè lide ki gen rapò ak amelyorasyon koneksyon ki genyen ant aktif ki egziste deja sa yo:

- Rasanble pwen enpòtan kominote yo atravè kreyasyon yon koridò atistik ak kiltirèl.
- Kreye antre ki akeyan nan Community + Commercial Core Blòk la apati estasyon MBTA yo.
- Amelyore aksè nan Neponset River epi kreye amenajman espas ouvè ki pi pèmanan.

ANKOURAJE ITILIZASYON KOMÈSYAL

2

Kontinye demontre karaktè fasad magazen ak espas biwo ki nan dezyèm etaj yo nan zòn komèsyal ki egziste deja yo. Pèmèt pou gen opòtinite pou nouvo biznis ak itilizasyon komèsyal, tankou restoran pou fanmi vin chita manje, kafe, ak divèsite vant an detay ki desèvi moun diferan nivo revni.

3

KONFIME KARAKTÈ KONSTRIKSYON AKTYÈL LA

Kenbe bilding istorik ki egziste deja yo gras ak adisyon ak reyitilizasyon adapte. Genyen tou yon gwo dezi pou nouvo devlopman ki pral adapte ak achitekti aktyèl la, byenke kèk rezidan te eksprime enterè tou pou yo wè plis estil achitekti modèn ak divès nan nouvo devlopman an.


4

OGMANTE LOJMAN

Ogmante kantite inite lojman ki disponib nan zòn nan, sitou inite ki abòdab nan pri yo epi ki ka pran yon fanmi antye. Manm kominote yo te idantifye zòn ki toupre estasyon MBTA yo kòm yon priyorite pou pwogrè nan dosye lojman, ansanm ak Hyde Park Ave kòm yon espas ki apwopriye pou pi gwo bilding poutèt ri sa ki pi laj.

PWOSESIS LA + REZIME LIDE REKÒMANDASYON YO

KAD ITILIZASYON AK KONSEPSYON TÈREN




Community + Commercial Core

Community + Commercial Core gen anpil aktif enpòtan nan kominote a ki egziste deja (tankou BCYF, YMCA, ak bibliyotèk) ak estrikti istorik yo.

Priyорите pou zòn sa a se afime karaktè aktyèl la epi sipòte itilizasyon ki kreye plis aktivite ak koneksyon amelyore ant aktif kominotè aktyèl yo. Lide pou kreyasyon yon koridò atistik ak kiltirèl (ki afiche an woz fonse) te parèt gras ak angajman kominote a kòm yon fason pou konekte kominote atistik ak kiltirèl ki egziste nan Cleary Square (gade seksyon Atizay + Kilti).

REKÒMANDASYON 1:

Sipòte karaktè komèsyal ki egziste deja atravè règleman sou itilizasyon tè yo ki pèmèt yon varyete itilizasyon komèsyal, tankou biwo nan dezyèm etaj, klinik, ak destinasyon atistik ak amizman.



REKÒMANDASYON 2:

Dekouraje inite lojman ki nan premye nivo bilding lan ki anfas koridò komèsyal prensipal River St ak Fairmount Ave an.

REKÒMANDASYON 3:

Ankouraje prezèvasyon estrikti istorik ki egziste deja yo lè nou aksepte modifikasyon ak bilding ki gen menm lakou ak modèl konstriksyon yo. Aksepte devlopman sou tèren ki vid oswa ki pa itilize yo.


REKÒMANDASYON 4:

Sipòte siksè pèmanan pou itilizasyon zèv atistik ki egziste deja ak destinasyon kominotè ki rasanble nan zòn sa a epi ankouraje etablisman nouvo itilizasyon atistik pou ranfòse koridò atistik la.

Espas Pwogrè Lojman yo

Espas sa yo nan Cleary Square gen pi gwo opòtinite pou gen pi gwo biling ki a itilizasyon miks (jiska 7 etaj) ki kapab ogmante rezèv lojman ak kreye plis opòtinite pou itilizasyon aktif ak amelyorasyon domèn piblik.

Toupre Estasyon Fairmount lan, aktyèlman la a, yo itilize pil moso tèren pou pakin machin ak lòt rezon endistriyèl/depo. Si yo redevlope l, zòn sa a ta kapab ajoute nouvo lojman enpòtan nan Cleary Square epi kreye yon antre ki pi aktif si moun yo ap soti nan Fairmount Station. Hyde Park Ave apwopriye tou pou gen pi gwo biling pou itilizasyon miks poutèt lajè ri a, chanjman nivo, ak wout aktyèl otobis la. Nouvo devlopman toupre Hyde Park Station lan kapab kreye yon antre pi aktif nan Blòk la.



REKÒMANDASYON 1:

Toupre Estasyon Fairmount lan, pèmèt kreyayson yon nouvo sant devlopman ak itilizasyon miks pandan n ap konsantre sou lojman.

REKÒMANDASYON 2:


Toupre Hyde Park Station, pèmèt redevelopman ak itilizasyon aktif ak amelyorasyon domèn piblik pou kreye yon pòtay ki pi aktif nan Blòk la.

REKÒMANDASYON 3:

Nan North ak South Hyde Park Ave, ankouraje devlopman sou tèren ki vid oswa ki pa itilize yo.

Riverfront

Malgre Rivyè Neponset la ap pase nan zòn etid Cleary Square la, rezidan yo dwe deplase kite Blòk la pou jwenn aksè nan rivyè a. Mete sou sa (jan yo di l nan seksyon Espas Ouvè ak Rezilyans lan), ralanti mouvman dlo lapli an epi amelyore kalite dlo yo se opsyon ki patikilyèman enpòtan nan Cleary Square. Se poutèt sa, yo ta dwe bay priyorite a espas ouvè nan zòn sa a epi tout novo devlopman ki gen toupre Neponset la ta dwe fèt pou amelyore pèmeyabilite, ekipman espas ouvè, ak koneksyon publik ak Neponset tout kote sa posib.



REKÒMANDASYON 1:

Nan anpil espas tèren ki gen ant ray metwo MBT an ak Neponset, amelyore rezistans kont inondasyon ak aksè publik nan Rivyè Neponset pandan n ap kreye yon novo pak publik sou tèren vil la posede nan sid Estasyon Fairmount la (gade seksyon Espas Ouvè ak Rezilyans). Sou tèren prive ki nan nò Estasyon Fairmount lan, travay pou tabli espas ouvè aksesib publik la epi potansyèlman jwenn tè pou plis espas pak publik.

REKÒMANDASYON 2:

Nan Walnut St, pèmèt novo devlopman rezidansyèl a echèl mwayen ki gen 4 a 5 etaj.


REKÒMANDASYON 3:

Toupre Truman Parkway, pèmèt konstriksyon pi gwo devlopman ak itilizasyon miks pou kreye yon pòtay aktif nan Blòk la pandan nou ap rete sansib ak espas ki toupre Neponset la.

Ekspansyon Itilizasyon Miks Potansyèl

Seksyon River St toupre Webster St (toupre YMCA) a sèvi kòm yon lòt antre nan Community + Commercial Core pou pyeton, chofè, ak pasaje otobis yo. Nan kwazman River St ak West St, gen yon zòn komèsyal ki egziste deja, ki separe ak Community + Commercial Core ak blòk prensipalman rezidansyèl nan River St. Sa ki pèmèt gen plis opòtinite pou aktivite komèsyal nan zòn sa a ta ka konekte zòn komèsyal ki egziste deja yo epi kreye yon antre ki pi aktif nan Blòk la.

Zòn nan lwès Hyde Park Station lan se zòn ki prensipalman rezidansyèl ki gen kèk legliz ak Henry Grew School sou Gordon Ave. Dènyèman, yo te apwouve yon devlopman itilizasyon miks tou nan kwazman River St ak Business St. Pwoksimite Hyde Park Station ak rès Square la kapab rann zòn sa a ideyal pou plis opòtinite pou devlopman pou itilizasyon melanje ak aktivite komèsyal lòt ti echèl.



PWOJÈ REKÒMANDASYON YO:

Nou bezwen plis opinyon bòkote kominote a anvan nou rive ekri rekòmandasyon espesifik pou zòn sa yo. Tanpri gade sondaj atache a.

OBJEKTIF PWOPPOZISYON KONSEPSYON YO

Kominote a idantifye sa k pi ba yo antanke objektif konsepsyon ki esansyèl pou ede kreye Direktiv Konsepsyon plan an:

Amelyore domèn piblik la:

OBJEKTIF 1:

Kreye plas pou gen pyebwa arebò lari yo ak twotwa amelyore nan espas ki te kreye nan kad kondisyon retrè yo.

OBJEKTIF 2:

Amelyore koneksyon moun a pye ak bekàn yo nan Rivyè Neponset lan ak Urban Wilds ki toupre a.

Konfime Fòm Konstriksyon an:

OBJEKTIF 1:

Konfime fòm aktyèl devan magazen yo nan Blòk la pou pyeton yo, sitou entèval sere sere ki egziste ant chak pòt antre yo, fenèt, ak detay achitekti yo.

OBJEKTIF 2:

Selebre aktif achitektiral ak kominotè ki egziste deja nan Blòk la atravè re-tilizasyon adapte ak renovasyon.

OBJEKTIF 3:

Gide nouvo devlopman nan lide pou reponn ak achitekti epi eleman konsepsyon ki deja egziste yo epi ki pi enpòtan pou rezidan Cleary yo.

Sipòte koridò atistik ak kiltirèl la:

OBJEKTIF 1:

Elaji espas piblik pou atis nan koridò atistik ak kiltirèl, tankou atelye, espas pèfòmans, galri, espas pèfòmans, ak plis ankò.

OBJEKTIF 2:

Devlope yon idantite koyeran pou atis ak espas atizay atravè Blòk la, tankou atravè siyal ak mak ki komen.

SQUARES + STREETS



Planning Department

CITY of **BOSTON**